

Yon Prensip Lidèchip Konprann Moun



“Se Bondye ki bay sajès! Chak pawòl li se yon trzò konesans ak konpreyansyon.” Pwovèb 2

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Sa se yon bon kesyon. Genyen plizyè rezon, men annou gade kèk nan sa ki enpòtan yo:

1. Sa va sove nou nan yon pakèt konfli.
2. Nou va kapab dirije epi motive moun.
3. Sa va bannou yon kè ki konn padonnen.

Nèg saj yo rele Salomon te ale anpil sou divès kalite— moun ki fou, mokè, rebèl, arese e latriye. Li te saj paske li te konprann yo epi li te konnen kijan pou li te dil avèk yo. Li te anpil renome ak siksè nan konprann yo, epi yo te rele sa « sajès ». Èl yo, nou va genyen yon anpil konfli ki pa nesèsè avèk yo—sa ki va anretou fè nou pi mal pase yo menm. Menmjan ak biznismenn nou bezwen konprann anplwaye nou pou nou kapab motive yo, ousinon nou va genyen yon pwodiksyon ki pòv, sa ki va mete nou anfayit. Nou bezwen konprann kliyan nou yo tou—kisa yo vle, e poukisa yo vle li. si nou pa konprann yo ansanm ak bezwen yo, nou kapab ap sèvi yo byen men nou p ap satisfè yo. Kèlkefw sa yo vle se pou nou apresye yo epi rekonèt yo. Noutout genyen omwens kat (4) bezwen debaz:

1. Pou yo renmen nou epi apresye nou.
2. Genyen yon santiman siksè oswa pwòp valè nou.
3. Genyen yon santiman dapannans.

4. Santi nou ansekirite.

Nou dwe sonje bagay sa yo chak fwa n ap dil ak moun, san nou pa gade sityasyon a. Dirije biznis se motive moun pou yo sèvi lòt moun. Li difisil pou dirije ak motive moun nou yo si nou pa konprann bezwen pèsònèl yo. Nou dwe konprann fòs yo ak feblès yo, epi plase yo ankonsekans. Bon ekip fèt ak divès moun ak divès don. Fòs youn t a dwe kouvri feblès yon lòt. Se nan bouch Bondye konesans ak konpreyansyon sòti e nou dwe cheche Li sensèman pou nou kapab genyen sajès, Li va bannou li. Bondye di, “Laperèz Bondye se koumansman sajès”. Lè nou va konprann poukisa moun fè sa y ap fè epi yo se sa yo ye a, nou va konnen kija pou nou dirije yo pou nou jwenn repons nou bezwen an.

Yon bon konpreyansyon va bannou tou yon atitud pou n padonnen. Jezi te konprann oun ki t ap akize li yo. Sepousa li te kapab di, “Papa, padonnen yo paske yo pa konnen sa y ap fè.”

Ala yon bèl atitit! Li te padonnen fasiman paske li te konprann inyorans yo oswa poukisa yo te fè sa yo fè a. Noumenm tou nou kapab padonnen fasiman si nou konprann tèt nou ak sityasyon lòt moun. An jeneral moun vle bon epi jantiy men sityasyon ak presyon lavi fè yo rate lespwa ak rèv yo. Anpil fwa yo santi yo mal touswit lè yo fin reyaji. Sa bannou yon opòtinite pou nou di yo yon pawòl sajès. Bon moman pou fè moun se lè yo dekouraje ; yo p ap koute nou lè yo anfòm. Nou dwe angaje nou nan travay konprann moun. Bondye va beni nou epi rekonpanse nou lè li va bannou yon kè ki konn padonnen epi li va bannou lapè ak bonè nan yon monn ki chaje ak fristrasyon ansanm ak konfli.

Prensip sa a fè pati pwogram yon lane devlopman karakè:

Fondasyon Pou Siksè.

Panse pou medite:

Anpil moun va fèmen zòrèy bay konsèy men yo va louvri zye yo bay egzanp.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete